

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina hirup kumbuhna sapopoé, manusa mibanda prédikat mahluk sosial. Ari salah sahiji bubutuh dina hirup kumbuh manusa nya éta komunikasi. Geus tangtu upama hirup teu dibarengan ku komunikasi, kagiatan manusa sapopoé moal maju. Salah sahiji média komunikasi sosial nya éta seni, anu di antarana kaasup kasenian, aprésiasi seni, karya seni, jrrd.

“Kabutuhan manusa pikeun komunikasi bisa ngaliwatan média basa, tapi sakapeung mah basa téh teu salawasna ngagambarkeun éksprési eusining batiniah manusa. Dina ieu hal seni mangrupa salah sahiji wujud éksprési anu bisa diungkabkeun di antarana ngaliwatan kecap-kecap nu ngalahirkeun seni sastra, gerak nu ngalahirkeun seni tari, nada-nada nu ngalahirkeun seni musik, sarta garis jeung warna nu ngalahirkeun seni rupa. Ieu hal mangrupa poténsi pikeun kamekaran kabudayaan”. (Koswara, 1993:75)

Dumasar kana éta pamadegan, tétéla pisan yén kasenian mangrupa salah sahiji unsur anu teu bisa leupas tina kahirupan manusa. Ngaliwatan seni, hirup urang bakal karasa leuwih éndah jeung miboga wirahma dina nyanghareupan rupaning hal.

Seni nu dihartikeun kaparigelan, kaahlian, jeung tingkah paripolah pikeun ngahasilkeun hiji hal, teu bisa gumelar kitu waé. Pikeun ngawasa hiji kaparigelan, urang kudu miboga pangaweruh leuwih ti heula (Sumardjo, 2000: 42). Jadi, seni téh mangrupa hasil karya hiji jalma nu miboga wangun sarta teu bisa miwujud kitu waé, tanpa aya kaweruh jeung pangalaman pikeun nyiptakeunana.

Upama urang ngalenyepan harti séjén tina seni nya éta ngandung ajén sacara subjéktif (Sumardjo, 2000: 45), nu nulis miboga kacindekan yén upama ajén tina seni téh dipakaitkeun jeung bebeneran minangka salah sahiji pancén pikeun kahirupan manusa. ku kituna éta hal téh bisa dimekarkeun jeung digunakeun dina néang jeung nimu bebeneran saluyu jeung poténsi jiwa manusa sacara kodrati.

Naha dina ieu hal nu nulis bet nempatkeun bebeneran kacida pentingna? Sabab ari bebeneran téh mangrupa salah sahiji cukang nu bisa nganteurkeun manusa kana lampah anu hadé. saluyu jeung salah sahiji hakékat sastra nya éta bebeneran anu dihartikeun *pencerminan* atawa *pembayangan* kahirupan atawa *peristiwa* kahirupan nu aya. lain perkara tina hasil lamunan atawa hayalan wungkul. (Koswara, 2003: 6). Tangtuna hadé di dieu teu bisa diukur sacara subjéktif, tapi minimalna kudu aya standarisasi atawa patokan pikeun ngukur éta hal.

“Dina sajarah umat manusa geus dipiwanoh sajumlah lembaga bebeneran nu disebut agama, élmu, filsafat, jeung seni. Lembaga bebeneran nu deukeut jeung lembaga bebeneran agama nya éta seni. Saperti hal dina agama nu nepikeun dasar bebeneran. universal, umum, jeung mutlak sarta abadi, seni ogé nepikeun éta hal-hal di luhur. Tapi pikeun nepi kana éta hal dibutuhkeun rasa jeung intuisi”. (Sumardjo, 2000: 4).

Dumasar kana éta pamadegan, sangkan urang bisa neuleuman kana salah sahiji ajén bebeneran nya éta seni, di antarana bisa ngaliwatan karya sastra nu teu bisa dipisahkeun tina ajén éstétis. Pikeun ngaguar éta karya sastra dibutuhkeun rasa jeung daya atawa kamampuh mikawanoh, maham, jeung ngolah karya sastra ku ngagunakeun imajinasi.

Kasénian mangrupa salah sahiji unsur tina kabudayaan, kitu deui kasénian Sunda mibanda hal anu rupa-rupa wangunna ti mimiti seni buhun nepi ka modérn geus loba pisan. Saperti dina seni buhun mah aya kawih, tembang, pupujian, pantun, guguritan, jsb. Dina seni modérn mah kayaning pop, dangdut, *jazz*, *rock*, jsb, nu lolobana mah mangrupa pangaruh ti nagara deungeun. Salaku urang Sunda anu boga patékadan pikeun ngamumulé kasénian daérahna, hal nu kudu dilakukeun nya éta urang ulah gancang kabawa ku sakaba-kaba kana budaya modérn anu lar sup ka nagara urang. Sanajan kitu, lain hartina urang kudu nutup diri tina budaya deungeun, tapi urang misti bisa milih mana nu alus tur mana nu henteu saluyu jeung jati diri sarta kapribadian urang Sunda hususna. Pikeun nerapkeun éta hal, nu nulis rék nalungtik ngeunaan kawih jeung tembang anu kaasup kana seni buhun. Demi anu bakal dibahas nya éta ngeunaan eusi rumpaka “Kawih Tembang” anu satuluyna rék disebut “Katem” beunang Nano Suratno anu leuwih dipikawanoh Nano S.

Jengléngan rumpaka biasana dina wangun puisi atawa sajak.

Iskandarwassid (2003: 118) nétélakeun yén anu dimaksud ku puisi nya éta “wanda basa karangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna jeung ku diksina; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa. Kakayaan puisi Sunda réa rupana, aya anu kagolong puisi heubeul (buhun, tradisional) jeung aya nu kagolong puisi anyar. Puisi heubeul aya nu ngawujud carita, naratif (carita pantun, wawacan). Karya sastra anu teu ngawujud di antarana puisi mantra (jangjawokan, singlar, jampé, asihan), sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), kakawihan (kawih barudak, sa’ir, sawér, pupujian, jst), pupuh (dangding, guguritan). Puisi anyar di antarana sajak bébas (anu kiwari pangproduktipna)”.

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (1992: 220), kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh. Nurutkeun pamadegan Nano

S (*Seni Budaya*, 2005: 14). kawih ngagunakeun irama anu tandak (ajeg) sedeng tembang sasarina ngagunakeun irama anu bébas (irama merdika). Nurutkeun R. Mahjar Angga Koesoemahdinata (Wiratmaja, Apung S, 1964: 7), nyieun sesebutanan séjén, nya éta sekar irama merdika pikeun tembang jeung sekar tandak keur kawih. Disebut “merdika” duméh lagu-lagu dina tembang teu kauger ku aturan wiletan. Boh dina tembang boh dina kawih, kamekaran basana loba dideudeul ku para sastrawan. Ku kituna, loba rumpaka anu miboga ajén-inajén nu kalintang alus. Upama tembang dideudeulna tos ti béh ditu mula, dina kawih mah kakara karasa nguniangna téh dina tengah taun lima puluhan. Kilang kitu, aya sababaraha juru sanggi anu boh dina nyanggina boh dina nyieun rumpakana ogé alus, saperti Mang Koko, Apung S. Wiratmadja, O.K. Yaman (Barmara), jrrd.

Katem mangrupa bagian tina kasenian daérah, anu bisa ngajembaran kabudayaan nasional. Ku kituna, sangkan bisa nanjung kudu terus dimumulé kaayaanana ngarah tetep bisa lumangsung, tur henteu ninggang paribasa jati kasilih ku junti.

Pikeun ngamumulé kabudayaan daérah, Garis-Garis Besar Haluan Negara (GBHN) dina katetapan MPR Nomer II/ MPR/ 1993 nandeskeun,

“Pembinaan dan pengembangan kesenian sebagai ungkapan budaya bangsa diusahakan agar mampu menampung dan menumbuhkan daya cipta para seniman, memperkuat jati diri bangsa, meningkatkan apresiasi dan kreativitas seni masyarakat, memperluas kesempatan masyarakat untuk menikmati dan mengembangkan seni budaya bangsa serta memberikan inspirasi dan gairah membangun. Kesenian daerah perlu dipelihara dan dikembangkan untuk melestarikan dan memperkaya keanekaragaman budaya bangsa. Upaya itu perlu didukung oleh iklim serta sarana dan prasarana yang memadai”.

Tarékah pikeun ngamumulé budaya daérah salah sahijina nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan kana éta karya sastra. Hasil tina panalungtikan baris didokumentasikeun dina wangun tinulis. nepi ka bisa nyaho témana, amanatna, nadana jeung rasana anu di antarana bisa ngajembaran budaya Sunda.

Maluruh rumpaka katem beunang Nano S. didadasaran ku éndahna éta rumpaka sarta eusi éta lagu téh euyeub pisan ku rupa-rupa amanat sarta maksud nu nyamuni pikeun kahirupan, kayaning asih, moral, sosial, jeung agama. Ieu kasenian ogé upama teu dipulasara ku masarakat, hususna urang Sunda, pasti lila-lila mah bakal tumpur, sabab kilangbara ngaprésiasi, miboga rasa cinta tur resep ogé henteu.

Katem mangrupa hiji karya nu bisa dirasakeun boh pikeun hiburanana boh pikeun mangpaatna, dina ieu hal nya éta ajén atikan. Pola pikir jalma ogé salah sahijina bisa diseukeutan ngaliwatan daya aprésiasi hiji hal, nu dimaksud di dieu nya éta katem. Ku kituna upama hiji jalma miboga daya aprésiasi kana hiji hal, tangtu maluruh eusi atawa maksud hiji karya bakal leuwih gampang tur katingal pamaksudanana.

Dumasar kana éta hal, prakprakan ieu panalungtikan baris museurkeun panitén kana wangun jeung eusi katem. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Analisis Rumpaka Kawih Tembang (Katem) Karya Nano S”.

1.2 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan analisis puisi dina wanda rumpaka katem beunang Nano S. Hal-hal

anu rék dianalisisna nya éta ngeunaan wangun, eusi, jeung unsur-unsur sastra dina rumpaka.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

1. Kumaha déskripsi rumpaka katem téh?
2. Kumaha wangun katem téh?
3. Kumaha eusi rumpaka dina katem téh?
4. Kumaha unsur-unsur sastra dina rumpaka katem téh?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dilaksanakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho sababaraha hal anu aya patalina jeung rumpaka katem. Tujuan anu hayang dihontal téh nya éta:

1. Pikeun ngadéskripsikeun rumpaka katem.
2. Pikeun mikanyaho wangun katem.
3. Ngaguar eusi rumpaka anu kapanggih dina katem.
4. Medar unsur-unsur sastra dina rumpaka katem.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Méh unggal panalungtikan nu dilaksanakeun, tangtuna kudu mibanda ajén mangpaat. Hasil nu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta lian ti urang bisa ngadéngékeun ni`matna lagu dina kasét katem anu bisa disebut ogé fungsi hiburan, anu leuwih pentingna nya éta ieu karya ogé bisa dicokot eusi atawa

maksud nu aya dina unggal rumpakana, tug nepi ka amanatna téh bisa dijadikeun conto pikeun kahirupan.

Ieu panalungtikan, dipiharep bisa meunangkeun sababaraha mangpaat pikeun unggal pihak, saperti ieu di handap.

1. Pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang seni jeung sastra, hususna dina nganalisis rumpaka katem.
2. Pikeun guru, dipiharep tina ieu panalungtikan bisa ngeuyuban pangaweruhna ngeunaan seni kawih jeung tembang nu antukna bisa diajarkeun ka murid-muridna.
3. Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan kaweruhna kana kasenian tradisional kawih jeung tembang sarta bisa ngaprésiasikeunana.
4. Pikeun masarakat umum, ieu hasil panalungtikan dipiharep jadi bahan bacaan nu méré informasi ngeunaan élmu seni kawih jeung tembang, ogé ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngahudang motivasi masarakat pikeun micinta kana budaya Sunda hususna, minangka salah sahiji cara ngamumulé kasenian Sunda.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, ngeunaan tiori atawa pamanggih anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Sagala bebeneran, tiori, jeung pamanggih anu dijadikeun cecekelan teu dipasualkeun deui bener atawa salahna. Dina prinsipna sagala rupa anu tadi téh bisa ditarima ku sakabéh pihak tanpa kudu diuji deui. (Suyatna, 2000: 7).

Dumasar kana éta katerangan, anggapan dasar anu aya dina ieu panalungtikan saperti kieu,

1. Kawih jeung tembang mangrupa kasenian Sunda anu masih kénéh dipikaresep ku masarakat.
2. Kawih mangrupa warisan seni luluhur sacara turun-tumurun, anu dina mimiti gumelarna mah sacara spontan. Misalna pikeun ngedalkeun eusining jiwa hiji jalma ngaliwatan karya seni.
3. Tembang atawa mamaos dimekarkeun ku R.A.A. Koesoemaningrat (Kangjeng Dalem Pancaniti).

1.7 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung kaungkab, dina ieu panalungtikan leuwih ti heula ditataan istilah-istilah atawa kecap-kecap anu dipaké sarta aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

1. Analisis nya éta pedaran atawa mesék hiji hal atawa ungkara anu dianggap penting.
Dina ieu panalungtikan, anu dimaksud analisis nya éta medar atawa mesék ngeunaan rumpaka katem.
2. Rumpaka nya éta téks lagu, sarua jeung *lirik* (Ind.).
3. Kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh.
4. Tembang nya éta basa dangdingan maké aturan pupuh.
5. Katem nya éta lagu-lagu beunang Nano S, anu dijadikeun obyék dina ieu panalungtikan.

6. Nano Suratno atawa Nano S nya éta salah saurang komponis anu loba nyiptakeun lagu-lagu Sunda saperti dina wanda pop, kawih, degung, kliningan, jaipongan, jsb. Katem mangrupa salah sahiji lagu ciptaanana.

